


## BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah nu dipilampah, nya éta: (1) ngadéskripsikeun wawacan, (2) nganalisis téks, (3) nyieun conto bahan ajar maca carita buhun, (5) nyindekkeun, jeung (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré dibagankeun ieu handap.



### 3.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta “Wawacan Pangantén Tujuh”. Ieu wawacan salah sahiji koléksi ti Museum Prabu Geusan Ulun-Sumedang. Aksara anu digunakeun nya éta Latén jeung ngagunakeun basa Sunda, sarta geus ditransliterasikeun ku R. A. Bulkini, kandelna naskah 92 kaca,

sarta ngagunakeun 14 pupuh (kanto). Pupuh anu aya dina ieu naskah nya éta pupuh Asmarandana, Balakbak, Dangdanggula, Durma, Gambuh, Gurisa, Jurudemung, Kinanti, Lambang, Ladrang, Magatru, Maskumambang, Mijil, Pangkur, Sinom, jeung Wirangrong.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung meunang hasil nu leuwih hadé (Arikunto, 2010, kc. 203). Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta saperti di handap.

- 1) Tabél pupuh anu digunakeun dina “Wawacan Pangantén Tujuh”, dipaké pikeun ngébréhkeun jumlah pada dina unggal kanto.

Tabel. 3.1

No	Ngaran Pupuh	Jml Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu

- 2) Tabél kasalahan makéna *guru wilangan*, digunakeun pikeun ngarinci kasalahan-kasalahan makéna guru dina saban padalisan.

Tabél 3.2

No	Ngaran Pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Keterangan		Keterangan
				Kurang	Leuwih	

- 3) Tabél kasalahan makéna *guru lagu*, digunakeun pikeun ngarinci kasalahan-kasalahan makéna guru wilangan dina saban padalisan.

Tabél 3.3

No	Ngaran Pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Keterangan	
				Dina téks	Kuduna

- 4) Tabél interprétasi kana *tanda ikon*, digunakeun pikeun nganalisis tanda ikon nu aya dina “Wawacan Pangantén Tujuh”.

Tabél 3.4

No	Kode	Objék analisis	Tipe			Interprétasi
			Img	Dgm	Mtf	

Katerangan:

Img : Imagi

Dgm : Diagram

Mtf : Métafora

- 5) Tabél interprétasi kana *tanda indéks*, digunakeun pikeun nganalisis tanda indeks anu aya dina “Wawacan Pangantén Tujuh”.

Tabél 3.5

No	Kode	Objek Analisis	Tipe	Interprétasi

- 6) Tabél interprétasi kana *tanda simbol*, digunakeun pikeun nganalisis tanda simbol anu aya dina “Wawacan Pangantén Tujuh”.

Tabél 3.6

No	Kode	Objek Analisis	Interprétasi

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu baris dilaksanakeun, nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan anu rék ditalungtik ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Talaah pustaka digunakeun salian ti néangan data, ogé pikeun nangtukeun dasar-dasar nu aya patalina jeung subjék panalungtikan.

### 3.3.3 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun nya éta téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun jeung maca “Wawacan pangantén Tujuh”;
- 2) édisi téks “Wawacan Pangéran Tujuh”;
- 3) nganalisis struktural-sémiotik “Wawacan Pangéran Tujuh”;
- 4) nyieun conto bahan ajar maca carita buhun pikeun SMA kelas XII luyu jeung SKKD pangajaran basa jeung sasatra Sunda, jeung;
- 5) nyusun laporan panalungtikan, dina wangun skripsi.